Established 1915
BROWARD
County Public Schools

**Olsen Middle School**
**Janet G. Giancarli, Principal**
330 SE 11th Terrace
Dania Beach, Florida 33004
phone: 754-323-3865 • fax: 754-323-3885
janet.giancarli@browardschools.com
www.browardschools.com/Olsen

**The School Board of**
**Broward County, Florida**

Lori Alhadeff, Chair
Debra Hixon, Vice Chair

Torey Alston
Brenda Fam, Esq.
Daniel P. Foganholi
Dr. Jeff Holness
Sarah Leonardi
Nora Rupert
Dr. Allen Zeman

Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools

**Notis Anyèl pou Paran/Gadyen (Dwa-pou-Konnen)**
**Dwa pou fè yon demann enfòmasyon sou kalifikasyon**
**Pwofesè/Parapwofesyonèl**

September 26, 2024

Pou Paran/Gadyen:

Nan kad Lwa 2015 chak Elèv Reyisi (ESSA) [*Every Student Succeeds Act (ESSA)*], distri lekòl nou resevwa finansman li nan men gouvènman federal pou pwogram Title I. Kòm youn nan kondisyon ekzijib pou nou resevwa fon-sa-yo, nou dwe notifye paran/gadyen sou dwa-yo pou fè yon demann enfòmasyon epi resevwa enfòmasyon an konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit-yo ak asistan ann edikasyon (parapwofesyonèl).

Lalwa ba-ou dwa mande konnen ransèyman sa-yo:

- Si pwofesè pitit-ou satisfè kritè lisans ak kalifikasyon Depatman Edikasyon Leta Florid (FLDOE) ekzije pou klas ak matyè (oswa plizyè matyè) lap anseye.
- 
- Si yo wete kondisyon FLDOE kifè lekòl-la va otorize pwofesè a anseye lè yon sitiyasyon ijans (emèjennsi) oswa dapre lòt klòz ki mansyone nan kontra.
- Si pwofesè a diplome kolèj ak yon *major*, nan ki disiplin akademik oswa espesyalizasyon li obteni diplòm/sètifikasyon, sik etid siperyè.

- Si parapwofesyonèl, nan kad responsablite-yo, founi pitit-ou sèvis epi, nan ka sa, ki kalifikasyon parapwofesyonèl-yo;

- Nivo akonplisman ak nòt pitit-ou obteni nan tès evalyasyon akademik Leta ekzije.

Si ou ta renmen resevwa nenpòt enfòmasyon ki dekri anwo a, tanpri rele nimewo lekòl-la 754 323 3800 epi mande pale ak Dr. Indranie Hassad, Title Liaison pou Olsen Middle School.

Mèsi paske ou montre ou enterese epi pou patisipasyon ou nan edikasyon pitit-ou.

Avèk respè,

Janet Giancarli
Principal

BED<HC#298/is/08/20>
Document translated by the Bilingual/ESOL Department (08/20)